



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN 96 INITE DEVLOPMAN LOJMAN
ABÒDAB AK SIPÒ NAN BRONX**

***2050 Grand Concourse founi apatman abòdab nan Fordham Heights, ki gen ladan
58 ki gen sèvis sipò***

***Devlopman ki trè efikas nan enèji ak konplètman elektrik la te resevwa tou
750,000 dola nan Konkou Bilding Ekselans Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann 2050 Grand Concourse, yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki gen 96 apatman nan katye Fordham Heights nan Bronx. Devlopman ki konplètman elektrik la te resevwa finansman nan Konkou Bilding Ekselans (Buildings of Excellence, BOE) Eta a, ki vize fè avanse bilding pou plizyè fanmi zewo kabòn yo nan New York.

"Avèk nouvo devlopman lojman sa a nan Bronx, n ap ede plis Nouyòkè jwenn aksè nan lojman bon jan kalite, sipò ak bon mache yo merite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "96 kay sa yo pral non sèlman transfòme lavi yo epi mete rezidan yo sou yon chemen ki mennen nan establite ak siksè, men tou gras a konsepsyon enèji efikas devlopman an, n ap bati tou yon kominote ki pi solid, ki pi an sante ak pi vèt pou tout moun".

"2050 Grand Concourse se yon investisman ki enpòtan anpil, ki bay Nouyòkè yo opòtinite ak sekirite atravè aksè a lojman abòdab ak sèvis esansyèl", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.**

Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève apeprè 14,700 lojman nan pri abòdab nan Bronx. 2050 Grand Concourse kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

2050 Grand Concourse te resevwa 750,000 dola nan inogirasyon Konkou Bilding Ekselans Eta a. Konkou inik sa a, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre, fè avanse objektif Gouvènè Hochul la pou reyalize de milyon kay ki ekolojik

disi 2030 epi sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) lidè nan peyi a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo a 85 pousan disi 2050.

Mezi efikasite enèji yo gen ladan izòlman eksteryè trè pèfòman; pano solè; fenèt Energy Star, ekleraj, ak aparèy; sistèm HVAC ki gen gwo efikasite; enstalasyon plonbri ki koule fèb; pwodwi bilding dirab; sistèm jesyon fatra konstriksyon; penti avèk konpoze òganik volatil (Volatile Organic Compound, VOC) ki fèb, solvan, ak adezif; ak materyèl bilding resikle.

Anplis de 96 apatman yo, bilding lan gen ladan yon espas etablisman kominotè 10,000 pye kare ki sèvi kòm nouvo katye jeneral pou Unique People Services, Inc., yon òganizasyon san bi likratif ki baze nan Bronx ki pral bay sèvis sosyal pou rezidan yo ak pi gwo kominote a.

Gen 58 apatman ki rezève pou adilt ki gen aksè a sèvis sipò sou plas tankou kowòdinasyon swen, fòmasyon pwofesyonèl, transpò, edikasyon alimantè ak nitrisyonèl, pwomosyon sante ak edikasyon, asistans pou netwaye kay ak konsèy. Sibvansyon ak sèvis pou lwaye pou 28 inite sipò yo finanse atravè yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la administre epi 30 inite yo finanse atravè yon prim Administrasyon Sèvis VIH/SIDA Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York la administre

Rès apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti ke sa. Ekipman yo nan rezidans lan gen ladan yon gwo sal kominotè ak kwizin, yon enstalasyon lesiv, chanm depo, ak de teras sou do kay amenaje.

Devlopè yo se Unique People Services ak Robert Sanborn Development.

Finansman Eta a pou devlopman 61.4 milyon dola a te enkli 7.4 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; 21.3 milyon dola nan Kredi Enpo federal pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba, ak 21.2 milyon dola nan sibvansyon nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la te bay 5.5 milyon dola atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a. OMH te bay depans inisyalye yo pou inite ESSHI yo ki te totalize 253,000 dola. NYSERDA te bay 77,600 dola atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon pou Plizyè Fanmi, 136,000 dola atravè Pwogram Jesyon Enèji an Tan Reyèl ak 49,300 dola nan finansman atravè Ankourajman Lojman Abòdab pou Plizyè Fanmi NY Sun. Local Initiatives Support Corporation la te bay 1.9 milyon dola.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Devlopman lojman trè dirab ak abòdab sa a pral pote transfòmasyon pou prèske 100

kay ak tout kominote Fordham Heights la. Atravè ajanda aksyon sou klima agresif Gouvènè Hochul la, epi avèk sipò pwogram tankou Konkou Biding Ekselans lan, n ap bati kay ki bon pou klima nan kote tankou Bronx ki te sibi enpak chanjman klimatik ki pa t pwopòsyonèl. 2050 Grand Concourse pral san dout amelyore lavi epi mete nou pi pre objektif nou pou genyen yon New York ki pi vèt pou lavni".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwojè vizyonè tankou 2050 Grand Concourse ap kontribiye nan avni New York kote l ap gen fèb emisyon kabòn lè nou demontre ke biding ki sen ak efikas nan enèji kapab bèl ak pi bon pou fanmi yo viv ak travay ladan yo. Avèk enklizyon enèji solè renouvlab, teknoloji ponp a chalè, ak lòt fonksyonalite ki efikas nan enèji, n ap kreye lojman ki pwomèt yon New York ki pi solid, pi vèt ak pi ekitab jodi a epi pou lavni".

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pran an vè lojman sipò yo ap bay plizyè milye moun ak fanmi yo kay ki an sekirite, nan pri abòdab ak estab ki gen ladan yo sèvis entegre yo bezwen pou yo viv ak pwospere nan pwòp kominote yo. 2050 Grand Concourse se yon bèl adisyon nan Fordham Heights, epi OMH fyè dèske li te jwe yon wòl nan devlopman li".

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap pran mezi pou ogmante rezèv lojman sipò ak abòdab li a atravè eta a. Devlopman Grand Concourse sa a pral ofri kay pou moun ki te nan sitiyoasyon sanzabri nan yon kote ki pral bay rezidan yo aksè sou plas nan sèvis sipò ke Unique People Services ofri pou ankouraje estabilite lojman alontèm yo".

Lidè Majorite, Charles Schumer, te deklare, "Tout Moun New York merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab. Se poutèt sa mwen fyè pou m sipòte finansman federal la, ki gen ladan 21.3 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman Pou Moun Revni Ba, ki bay lojman abòdab nan Bronx avèk sèvis sipò pou rezidan yo, tankou kowòdinasyon swen, fòmasyon pwofesyonèl, transpò, ak plis ankò. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li bay plis lojman abòdab ak sipò epi mwen pral kontinye goumen ak bay lajan k ap ranfòse kominote nou yo epi k ap ede bay Nouyòkè yo plis opsyon lojman".

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Achèvman 2050 Grand Concourse se yon temwayaj remakab angajman nou pou lojman abòdab ak sipò nan Bronx. Devlopman sa a non sèlman bay 96 apatman abòdab ki nesèsè anpil nan katye Fordham Heights, men tou li pwolonje sèvis sipò enpòtan pou popilasyon vilnerab yo, ki reflekte devouman nou pou kreye kominote enklizif. Mwen vle felisite Plan Lojman konplè Gouvènè Kathy Hochul, ki te jwe yon wòl esansyèl nan rann inisyativ sa a posib. 2050 Grand Concourse kanpe se yon limyè espwa, ki reprezante efò kolektif nou yo pou konstwi yon New York ki pi ekitab ak byenveyan pou tout moun".

Senatè Eta New York, Luis Sepúlveda, te deklare, "Achèvman 2050 Grand Concourse se yon reyalizasyon istorik nan pouwit nou pou gen lojman dirab ak abòdab

nan Bronx. Devlopman sa a non sèlman ofri yon kay ki an sekirite ak efikas nan enèji pou anpil moun, li reprezante tou yon temwayaj sou angajman Eta New York pou sipòte kominote yo atravè inisyativ inovatè epi ki konsidere anviwònman an. Kolaborasyon ak siksè ant ajans eta yo, òganizasyon lokal yo ak devlopè yo montre sa nou ka akonpli lè nou travay ansanm dèyè yon objektif komen pou amelyore lavi rezidan nou yo".

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Pou distri nou an, 2050 Grand Concourse vrèman chanje jwèt la. Avèk 96 apatman abòdab, yon gwo anfas sou dirabilite, ak sèvis sipò, se yon resous pwisan ki pral amelyore anpil lavi moun k ap viv nan 86yèm distri Asanble Eta New York la. Anplis de sa, 58 inite yo deziyen pou moun ki selibatè avèk sèvis sipò sou plas—ki jwenn sipò sibvansyon Administrasyon Sèvis VIH/SIDA ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State—montre angajman nou pou satisfè bezwen patikilye kominote a. Pwojè sa a montre plis devouman nou pou dirabilite ak efikasite nan enèji, ki gen ladann karakteristik tankou pano solè, aparèy Energy Star ak izòlman ki gen gwo pèfòmans. Lè nou invest nan teknoloji vèt, nou pa sèlman bay lojman abòdab, men tou n ap diminye enpak sou anviwònman nou an".

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Avèk ensekirite lojman an k ap ogmante, bezwen pou lojman ki estab sèlman ap ogmante. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, NYSERDA, Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York, Unique People's Services ak Robert Sanborn Development pou travay yo sou pwojè sa a ak angajman yo pou pote lojman abòdab ak efikas nan enèji, epi ki an sekirite pou minisipalite nou an".

Direktris Egzekitif ak Direktris Egzekitif Jeneral Unique People Services, Yvette Brissett-André, te deklare, "Unique People Services fyè de rezidans Grand Concourse 2050 nou an ak angajman nou pou sèvi Nouyòkè parèy nou yo. Nou pral kontinye devlope epi bay lojman bon jan kalite, dirab ak abòdab atravè patenarya finansman piblik ak prive nou yo".

###